*Ассаламу гIалайкум, квербакъайги!*

# ЧIАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧАРАДА

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 17-18 (7335-36) РУЗМАН 12 май 2023 сон

12+

БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪУЛ КЪО – 9 МАЙ КIОДО ГЬАБУНА

## Ветераназда барки

***Хириял ветеранал, хIурматиял тылалда хIалтIарал ва районалъул захIматчагIи!***

РакI-ракIалъго баркула нужеда КIудияб ВатIанияб рагъда Бергьенлъи босаралдаса 78 сон тIубай!

КIудияб букIиналда цадахъго гьаб буго рекIел асар гьабулеб, бераздa магIуги хулун ВатIаналъул миллионал халкъаз рохалида дандчIвай гьабулеб байрам. 1945 соналъул Бергьенлъиялъул май соналдаса соналде рикIкIалъулеб буго нилъедаса. Щивасул ракIазулъ хутIулеб буго халкъалъул хвел гьечIеб бахIарчияб иш. КIудияб пашманлъи буго, тIолабго улкаялдаго дагьлъулел руго рагъда бергьенлъи босаразул кьерал. Нилъер районалдайин абуни гьел цониги хутIун гьечIо. Гьелдаго цадахъ нилъ бецIун хIал кIолареб налъулаллъун руго гьезда цере ва лъала кинаб багьаялдалъун гьез бергьенлъи босараблъи. Нилъеда тIадаб буго цIунизе гьезул хIакъалъулъ ракIалде щвей ва гьеб гIун бачIунеб гIелалъухъе кьезе.

Жакъа нилъ цадахъ нугIзаллъун руго нилъер рагъухъабаз бихьинаб къагIидаялда бахIарчиял умумузул гIадаталги цIунун, гьез нилъее ирсалъе тараб ВатIаналде рокьигун хIукуматалъ цебе лъураб масъалабиги тIуразарулаго, такъсирияб нацистазулаб режималдаса улкаялъул интересалги цIунун тIадаб хъулухъалда рукIиналъе.

Бокьун буго бищунго хинал баркиял гьаризе ва баркала кьезе рагъул гIахьалчагIазе ва тылалда рукIаразе, гьединго рагъул кьогIлъи бихьаразе ва гьабсагIаталдаги бихьулел ругезе, жидерго васал ва росал рагъул авлахъаздеги ритIун гьел нахъруссиналъухъ балагьун чIаразе. Нилъ чIухIарал руго, гьединал ВатIаналъе ритIухъал, къвакIарал ва бихьинал бахIарзазгун цадахъ цо ракьалда гIумру гьабулеб букIиналдаса.

Гьарула киназего щулияб сахлъи ва халатаб гIумру, рагъул лъугьа-бахъиназда гIахьаллъулел ругел гIолохъаби хехго бергьенлъиги босун хъизамазухъе тIадруссин.

*ХIурматгун,*<br>
*«ЧIарада район»*<br>
*МОялъул бетIер*<br>
***МухIидин МУХIАМАДОВ***

## Митинг тIобитIана



ЧIарада районалъул ЦIуриб росулъ КIудияб ВатIанияб рагъда хваразул обелискалда цебе тIобитIана Бергьенлъиялъул Къо – 9 маялда хурхараб хIурматияб митинг.

Районалъул нухмалъулездагун цадахъ гьенир дандельана рагъулал тунка-гIусиязулъ гIахьаллъарал ветеранал, общественниял гIуцIабазул вакилзаби, учреждениязул нухмалъулезгун коллективаз, учительзабазгун цIалдохъабаз ва гьединго ро-

*(Хадусеб 3-аб. гьумералда)*

## Краснофлотец АхIмад ГIабдулмажидов



Украинаялъул Николаев шагьар фашистаздаса эркен гьабулаго ккарал рагъулал тунка-гIусиязда 1944 соналда бахIарчиго хвана Краснофлотец АхIмад ГIабдулмажидов. Мисалияб къагIидаялда рагъулал масъалаби тIуразаралъухъ хIинкъи-къай лъаларев десантник АхIмад ГIабдулмажидовасе Совет Союзалъул БахIарчиясул цIар кьуна хун хадуса.

АхIмад Дибирович ГIабдулмажидов гьавуна 1923 соналда ЧIарада районалъул рорхатал мугIрузул Мощоб росулъ. 30-абилел соназда гьезул хъизан гочана мадугьалихъ бугеб ЦIуриб росулъе, гьенив ана АхIмад гьоркьохъеб школалде цIализеги.

КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьарабго рагъде ана гьесул кIиявго кIудияв вац МухIамад ва РахIматулагь, жиндиего бокьун рагъде ине гIарза кьуна анцIила микьго сонилаб гIумруялда вукIарав АхIмадицаги, амма цIакъго гIолохъанго вугилан гьев нахъ чIвана. БагIараб Армиялъул кьеразулъе гьев ахIана лъагIел ун хадуса ва хъулухъ гьабизе лъугьана Грузиялъул Поти шагьаралда.

1943 соналъул апрелалда АхIмад ГIабдулмажидов витIана ЧIегIер ралъдал флоталъул Одессалъулаб рагъул ралъдал базаялъул 384 абилеб хасаб рагъулаб пехотаялъул автоматчиказул ротаялде. Гьебго соналъул хаслилъе гIахьаллъана фашистаздаса Таганрог, Мариуполь ва Осипенко (гьанжесеб Бердянск) шагьарал, гьединго Александровка, Богоявленское ва Широкая балка цIунулаго ккарал рагъазульги, тIагIинабуна тушманасул ДОТ (долговременная огневая точка).

1944 соналъул 26 марталда къаси ралъдал пехотинец АхIмад ГIабдулмажидов десанталъулаб отрядалда гьоркьов рештIинавуна Украиналъул Николаев шагьаралъул порталда. КIиго сордо-къоялъ десантниказул гьеб къокъаялъ кIудияв лейтенант Константин Ольшанскиясул командованиялда гьоркь рацалъи гьечIеб рагъ гьабуна дандиязулгун: нахъ чIвана немцазул кьварараб 18 атака, гьеб рагъда тушманасул чIвана 700 солдатгун офицерал ва щущазаруна дандиязул чамалиго танкгун пушкабиги. Советиял рагъухъабазул аслияб къуват тIаде щвезегIан десантниказул чIаго хутIана 11 чи, гьездаго гьоркьор захIматго лъукъарав щугоявги. 1944 соналъул 27 марталда рагъулаб атака нахъ чIвалаго бахIарчиго хвана багIарфлоталъулав АхIмад ГIабдулмажидов.

1945 соналъул 20 апрелалда СССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул Указалдалъун, мисалияб къагIидаялда рагъулаб командованиялъул тIадкъаялда рекьон немцазул ракьал рахъулезде данде гьабураб кьеркьеялъулъ бихьизабураб къуркьи гьечIолъиялъухъ ва бахIарчилъиялъухъ АхIмад ГIабдулмажидовасе хун хадуса кьуна Совет Союзалъул БахIарчияб цIар. Гьединалго цIаразе мустахIикълъана гьебго десанталъулаб отрядалдаса гьесул рагъулал гьалмагъзабиги.

Кьварарав чIарадисев вукьун вуго Николаев шагьаралъул вацлъиялъулаб хабалъ, десантниказул сквералда.

БахIарзазул хIурматалда гьенибго рагъун буго морякалдесантниказул рагъулаб реццалъул халкъияб музейги.

БахIарчи АхIмад ГIабдулмажидовасул цIар кьун буго дагъистаналъул ЦIуриб ва Атланаул росабазул къватIазе. Гьелдаго цадахъ ЦIуриб эхетун буго Совет Союзалъул БахIарчиясе памятникги.

## Россиялъул бахIарзал ЧIарада

28 апрелалда иргадулаб республикаялъул «Вахта героев» ва ТIолгороссиялъул патриотическияб «Вахта Героев Отечества» акциязда хурхун районалъул администрациялъул актовияб залалда тIобитIана Россиялъул Федерациялъул БахIарзазулгун дандчIвай.




ХIурматиял гьалбаллъун нилъер районалде рачIун рукIана – Россияльулаб БахIарчи, полициялъул генерал-майор, Дагъистан Республикаялъул ХIинкъи гьечIолъиялъул Советалъул секретарь, нилъер ракьцояв МухIамад БагIачилов, Россиялъул Федерациялъул БахIарчи, полковник Валерий Куков ва «Российская Ассоциация Героев» абураб тIолгороссиялъул общественнияб гIуцIиялъул рахъалдаса рихьизарурал Светлана Гурина ва Ирина Лампатер. ДандчIвайлда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместителал МухIамад ГIумаровас ва ХIусен ГIарабиевас, районалъул рагъулав комиссар МухIамад МухIамадовас, ОМВДялъул

*(Хадусеб 2-аб. гьумералда)*



БЕРГЪЕНЛЪИЯЛЪУЛ КЪО – 9 МАЙ КIОДО ГЪАБУНА

# Россиялъул бахIарзал ЧIарада

*(Байбихьи 1-аб. гъумералда)*

начальник МусахIажи Саламовас, районалъул имам ШагIбан ХIапизовас, общественниял гIахьалчагIаз ва районалъул школазул чIахIиял классазул цIалдохъабаз.

Гъалбадерие саламги къун ХIусен ГIарабиевас абуна Россиялъул БахIарзал къабул гъаризе щвей чIарадисезе кIудияб рецц ва чIухIи бугилан.




«Гъал къоязда «Вахта Героев» унеб буго нилъер улкаялда ва республикаялда. Гъадинал дандчIваял жакъа, хасаб рагъулаб операция унеб заманалда тIоритIиялъул кIвар кIудияб буго цIалдохъабазе патриотияб бичIчIи кьеялъул ва гъеб лъугъине буго гIун бачIунеб гIелалъе нилъер тарихалъул ракIалде щвей ва гъеб цIунун хутIи букIинабилъун. Гъезул щивав вуго нилъеца мисал босизе ва гъезда релъъараллъун рукIине жигар бахъизе ккола», - ян абуна районалъул бетIерасул заместителас.

Данделъаразе саламги къун МухIамад БагIачиловас абуна жакъасеб къоялда гIун бачIунеб гIелалъе патриотияб лъай кьеялъул хасаб къимат бугин.

«Жакъа лъиениги бальголъи гуро нилъер улкаялда бугеб ахIвал-хIал. Россиялъ тIобитIулеб буго хасаб рагъулаб операция Украинаялъул ракьалда. Нилъер ракьцояз гъабулеб буго гъениб унго-унгояб гIахьаллъи. Руго гъезда гъоркьор бихьинчиял гIолохъабиги, жидее аскIор эхетизе», - ян абуна Дагъистан Республикаялъул ХIинкъи гъечIолъиялъул Советалъул секретарас.

Гъадинал тадбиразул бугеб кIвараллъулги бицун Валерий Куковас гIолохъанлъи ахIана чIахIияб гIелалдаса мисал босизе, хасго ВатIан бокьиялде. Гъединго рачIарал суалазе жавабги кьолаго гъес бицана жиндирго гIумруялъул нухлул ва щиб ахIвал-хIалалда бахIарчиясул цIар щвараллъул.

«Жиндирго улка, гIагарлъи, гъудул-гъалмагълъи бокьи рагъухъабаз гъабулеб буго захIматаб хIалтIи, амма неонацистаздехун гъабулеб рагъ гъоркьоса къотIизе тезе гъечIо бергъенлъи босизегIан», - ян лъазабуна гъес.

Тадбиралъул ахиралда гъалбал ва гIахьаллъарал ана культурияб Рукъалъул азбаралде, КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазе бараб мемориалияб комплексалде аскIоре рагъда хварал рагъухъаби ракIалде щвеялъе тIугъдузул квацIаби лъезе. Чед цIамгун, халкъиял бакъ-



Россиялъул Федерациялъул БахIарчиясул тIадегIанаб цIар щваралги. КIудияб пашманлъиялда рехсезе бегъула хун хадуса гъеб цIар щваралги. Нус-нус дагъистанияв мустахIикълъун вуго пачалихъалъул тIадегIанаб шапакъатазе. ГIун рачIунел гIолохъаби, нужерги рес буго гъездехун ращалъизе! Метер гъел бахIарзал Бергъенлъиги босун ВатIаналде тIадруссун рачIараб мехалда нужер рес букIине буго гъел берда рихьизе, квералги росун гъезда нилъер киназулго тIадаб налъи буго. Жакъа бугеб ахIвал-хIалалъул хIисабги гъабун нилъер Президентас жиндиего бигъаяб гуреб хIукму гъабуна – лъазабизе контракталъулаб хъулухъалде гражданал ракIарулел рукIиналъул. Нилъер ракьцояз гъабсагIат тIубазабулеб буго рагъулаб тIадкъай. Цебесеб къердаги чIун гъез цIунулеб буго нилъее эркенлъи. РакIчIараб буго, щивав гъанив гIодов чIарав хIадурав вукIин ВатIан цIунулаго рухI кьезе. Нилъер налгун гъезда дандчIвай гъабуна районалъул культураялъул хIалтIухъабаз. Гъалбал щвана районалъул музеялдеги, хал гъабуна щибаб экспонаталъул ва тарихалъул, бихьаралъ гъезие лъикIаб ва ракIалдаса унареб асар гъабуна.

Гъеб дандчIваялда гъалбадерида ва гIахьаллъаразда «Георгиевская лента» бана тIадеги лъай борхизабиялъул централда лъай щолел лъималаз. Данделъи ана аваданаб ахIвал-хIалалда.

# ЦIуриб школалда 9 маялъул байрам



9 маялъул байрамалда хурхун ЦIуриб школалда тIобитIана хIурматияб тадбир. Гъениб гIахьаллъи гъабуна районалъул администрациялъул вакилзабаз, учреждениязул нухмалъулез ва ЦIуриб школалъул цIалдохъабазгун учительзабаз.

«Гъаб соналда тIубараб улкаялъго кIодо гъабулеб буго Бергъенлъиялъул Къоялъ 78 сон тIубай. Гъеб байрам буго хIинкъи-къай лъаларел, нахъе къай гъечIел ва къвакIарал, сундухъго балагъичIого, бихьинаб къагIидаялда ВатIан цIунизе рагъде арал гIолохъабазул. Гъел руго жакъасеб къоялда нижее киназего мисаллъун. Гъеб рагъда Совет Союзалъул халкъалъ жидерго гIумруги къун бергъенлъи босана фашистазул Германиялда тIад, гъеб буго бахIарчилъиялъул мисал, ракьалда рекъел ва щивав чиясул эркенлъи цIуниялъе бихьизабураб. КIудияб ракI бухIилъун буго гъаб гъитIинаб нилъер районалдаса рагъда камуна гIемерал солдатал, гъездаго гъоркьор цIакъго гIолохъаналги, жеги 20 сонцин тIубачIелги…

Нижеца гъезул хIурмат гъабула ва щивав рагъда камурав рекIелъ цIунула ва чIухIула нилъги гъединаб кIудияб бахIарчияб халкъалъул наслабилъун рукIиналдаса. 1945 соналда босараб бергъен-

*(Хадусеб 3-аб. гъумералда)*

# «Бергъенлъиялъул диктант»

ТIолабго Россиялдаго билълъанхъизабуна халкъазда гъоркьосеб акция «Диктант Победы», жибги 2019 соналдаса нахъе щибаб соналда тIобитIулеб «Историческая память» абураб проекталда рекъон.

Рехсараб акциялъул аслияб мурад ккола – церехун рукIарал тарихиял ва кIвар цIикIкIарал лъугъа-бахъиназдехун интерес бижизаби. Гъединго гIадамазе рес кьолеб буго КIудияб ВатIанияб рагъул хIакъалъулъ жидерго бугеб лъай ва пикру загьир гъабизе.

ЦIуриб школалда гIуцIараб гъеб акциялда гIахьаллъи гъабуна ЧIарада районалъул школазул чIахIиял классазул цIалдохъабаз ва библиотекаялъул хIалтIухъабаз.

КIиабилеб дунялалъул рагъ лъугIиялда хурхинабураб диктанталда букIана 25 суал, 45 минуталда жаниб жавабал кьезе кколеб. Гъенир суалал рукIана Россиялъул араб тарихалъул темаялдаса: БахIарзазул, памятниказул, рагъухъабазул, цIар рагIарал рагъул полководцазул ва фильмабазул. Жавабал хъварал бланкал къабул гъарулел рукIана лъай кьеялъул отделалъул специалистаз.

Лъазабулеб буго гъеб проект гIуцIарал руго аслияб къагIидаялда политическияб партия «Единая Россия», Россиялъул рагъулабгун тарихалъулаб общество ва ТIолгороссиялъулаб общественнияб багъа-бачари «Волонтеры Победы».



БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪУЛ КЪО – 9 МАЙ КIОДО ГЬАБУНА

# Митинг тIобитIана

*(Байбихьи 1-аб. гьумералда)*

сулъ гIумру гьабулезги. Гьез ракIалде щвезаруна КIудияб ВатIанияб рагъда хварал ва баркала кьуна Бергьенлъиялъухъ.

Районалъул бетIер МухIидин МухIамадовасул тIадкъаялда рекъон оргкомитеталъ хIадур гьабураб хIурматияб митинг байбихьана гьесул заместитель МухIамад ГIумаровас, рагъулав комиссар МухIамад МухIамадовас, СВОялъул гIахьалчагIи МухIамад МухIамадовасгун Руслан Апандиевас ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазе бараб памятникалда цере тIугьдузул горал лъеялдаса. Гьездаго хадур жидерго рагъда камурал ракIалде щвезаризелъун митингалда гIахьаллъаразги тIугьдул лъуна памятникалда цебе.




Хадуб МухIамад ГIумаровас лъазабуна митинг рагьараблъун ва районалъул бетIерасул ва жиндирго рахъалдаса баркана данделъаразда байрам.

«РакI-ракIалъго баркула нужеда КIудияб Бергьенлъиялъ 78 сон тIубай. Жакъа бокьун буго ракIалде щвезаризе КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъи гьабурал нилъерго ракьцоял. ЧIарада районалдаса рагъде ана 1413 чи, гьездаса нахъруссинчIо 900 чи. Мощоса АхIмад ГIабдулмажидовасе кьуна Совет Союзалъул БахIарчиясул цIар. Нижеца бетIер кьулула гьезул бахIарчилъиялда ва бихьинчилъиялда цебе. КIудияб пашманлъи буго – нилъеда гьоркьор хутIун гьечIо ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи. Амма щивав гIахьаллъарасул цIар нилъер рекIелъ хутIила абадиялъго.

Гьединго баркала кьезе бокьун буго фронталъе кумекги гьабун тылалда хьулухъ гьабуразеги. Нижеда киданиги кIочене бегьуларо бищун захIматаб заманалда гьезул къвакIи. Жакъа фашизм цIидасан щвана нилъер рагьдухъе.

Россиялъул рагъухъабаз Украинаялда бихьинаб къагIидаялда ва бахIарчиго цIунулеб буго ВатIан. Гьездаса цо-цоял нахъруссине гьечIо рокъоре. Гьарула гьезул хIурматалъе гIоло, гьел ракIазулъ цIунун хутIизелъун цо минуталъулаб сихIкьотIи гьабеян.

Хириял ракьцоял! БукIаян абе нилъер ракьалда рекъел ва цебетIей! БитIккей ва рохел щивасе ва нужер хъизамазе!», - ян абуна МухIамад ГIумаровас.

Баркиялда цадахъго гьес кьуна районалъул бетIерасул рахъалдаса митингалда рукIарал Украинаялъул хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулезе ва Афгъанистаналъул рагъул гIахьалчагIазе баркалаялъулал кагъталгун гIарцулал сайгъатал.

Хадур рикIкIана районалъул лъай кьеялъулгун культураялъул хIалтIухъан, гьунар бугей поэтесса Жавгьарат ХIасанхIусеноваль, Украинаялъул рагъда камурал нилъер ракьцоязе гьарурал кучIдул. Митингалъул гIахьалчагIи цIакъ кIвар кьун гIенеккана гьезухъ ва щивасул берзда магIу хулана.

КIудияб ВатIанияб рагъда чIарадисез лъураб бутIаялъул, кинаб къагIидаялда, кигIан захIмат бихьун нилъее бергьенлъи щвараблъиялъул бицун, рагъда камурал умумулги ракIалде щвезарун гьваридаб магIнаялъулаб доклад гьабуна районалъул рагъулав комиссар МухIамад МухIамадовас. Баркиялъул ахиралда гьес лъикIаблъун рикIкIана цадахъ хIалтIулезул хIалтIи ва кьуна гьезие грамотабиги.

Гьединго байрамалда баркиялъул кIалъаял гьаруна районалъул руччабазул Советалъул председатель ГIайшат Халиловалъ ва ЦIуриб росдал поселениялъул бетIер Муслимат МуртазагIалиевалъ. Данделъаразе кIалъайгун цеве вахъана кьокъабго заманалъул отпускалде рокъове вачIарав СВОялъул гIахьалчи МухIамад МухIамадовасги.

«Бищун цебе зигара базе бокьун буго жакъа нилъгун гьечIел гьалмагъзабазул гIагарлъиялда. ТIадегIанав Аллагьас бигьа гьабеги нилъее гьезул ками. Гьел рекIелъ цIунун хутIизе руго нижеда абадиялъго. Хадубго бокьун буго абизе, ниж кутакалда разиял ругин районалъул нухмалъулездаса ва районалъул захIматчагIаздаса рагъда гIахьаллъулебгIан заманалда нижги кIочон течIого нужеца гьабулеб бугеб кумекалъухъ, баркала буго нужее. Хасал баркалаялъул рагIаби абизе бокьун буго ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат МухIамад Мухтаровичасул цIаралда, жиндир кумек ва ракIбухIи бихьичIого хутIулареб. ГIун бачIунеб гIелалдехунги абизе бокьун буго, руго жеги цо-цо ишал нужеда ричIчIуларел. Лъазе ккола кинаб нухдаса ине кколеблъи. Нужеца тIаса бищани хIукуматалъул ва пачалихъалъул нухмалъулезул рахъ, нуж мекъи ккези гьечIо. РакIалде ккола, нужеда бихьилареб батилин рагъул кьогIлъи, амма гьединаб ахIвал-хIалалде ккани, бихьизабизе ккола бахIарчияб хасият. Ниж жакъа рагъулел руго гIун бачIунеб гIел западалъул квачIикье ккечIого букIиналъе гIоло. Нижеца гьабулеб иш битIараб буго, ин ша Аллагь БетIергьанасул кумекалдалъун бергьенлъиги нижеда хадуб букIине буго», - ян абуна МухIамад МухIамадовас.

Культурияб Рукъалъул солистазул, цIалдохъабазул, ЦIурисезул ЦДОДалда лъай босулезул, гьединго «Радуга» ясли-ахалъул гьитIичазул цере рахьиназ берцин гьабуна байрамалъулаб концерт. ГIемерисел гIахьалчагIазул каранда берцинго рихьулел рукIана ЦДОДалда лъай босулез рарал Георгиевскиял лентаби.

Тадбир лъугIизабуна гIадаталда рекъон памятникалда цебе ракIалде щвеялъе цадахъ бахъараб сураталдалъун.

БакIалъулал гIадамаз ва гьалбаз гIемераб заманалда риччалел рукIинчIо СВОялъул гIахьалчагIи. Киназего бокьун букIана гьезда цадахъ сурат бахъизе, гьезулгун хабар-кIалада рукIине.

# ЦIуриб школалда 9 маялъул байрам

*(Байбихьи 2-аб. гьумералда)*

лъи нилъер ракIазулъ цIунун хутIила абадиялъго, наслабаз наслабазухъеги кьун.

Жакъаги нилъер гIолохъабаз рагъул цебесеб кьердаги рукIун бихьизабулеб буго гьезго гIадаб бахIарчилъи ва хIинкъи гьечIолъи, СВОялдаги гIахьаллъун ракIбацIцIадго тIубазабулеб буго жидедаго тIадаб рагъулаб налъи.

Гьарула тIадегIанав Аллагьасда, хIинкъи-къай лъаларел нилъер бахIарзал-солдатал сах-саламатго, бергьенлъиги босун рокъоре тIадруссаги», - ян абуна тадбиралда кIалъазе цере рахъараз.

Эркенлъиялъе ва чиядабай гьечIолъиялъе гIоло нилъерго ВатIан цIунулаго камурал васал ракIалде щвезаруна цо минуталъулаб сихIкьотIиялдалъун.




Кьокъабго заманалъул отпускалде рокъове вачIарав СВОялъул гIахьалчи, ЦIуриб школалда цIаларав СалихI Исрапиловас школлъималазе гьарана цIалулъ бергьенлъаби. ЧIахIиязухъ гIенеккизе ва цIикIкIаразул адаб гьабизе ккеялъулги бицана гьезда.



СВОялъул ракьалда хьулухъ гьабулел ругел лъималазул улбузда - Шагьрузат ГIумаровалда ва Зарема ХIасанхIусеновалда баркана 9 маялъул байрам, гьарана гьезие щулияб сахлъи, талихI, рохел ва кидаго роцIцIараб хъахIилаб зоб букIагиян ва нилъер рагъухъабиги бергьенлъиги босун хехго тIадруссагиян.

Хадуб гIадаталда рекъон тIолалго байрамалда гIахьаллъарал гьалбал тIугьдузул гор лъезе ана Совет Союзалъул БахIарчи АхIмад ГIабдулмажидовасул памятникалда цере. Гор лъуна районалъул ОМВДялъул начальник МусахIажи Саламовас ва рагъулав комиссар МухIамад МухIамадовас.

Тадбиралда гIахьаллъаразе хIадурун букIана «Полевая кухня».

9 маялъул байрам ана берцинго ва гIуцIараб къагIидаялда.

## Эбелалъе орден кьуна

ГIемерал лъимал ругей дагъистанияй Майсарат ИсмагIиловалъе Дагъисталъул бетIер Сергей Меликовас кьуна Эбелалъул орден.

ЧIарада районалдаса Майсаратица гъаруна ва тарбия кьуна 11 лъималазе.



«ХIисаб гъабураб заманалда гъеб бигъаяб иш гуро, 11 лъимерги гIезабун гъел улкаялъе пайдаял граждданаллъун лъугъинари. Дагъистаналъул гIемермиллатазулаб халкъазул культураялъулъ кIудияб хъизан рикIкIуна кидаго талихIлъун ва Аллагъас кьураб сайгъатлъун», - ян лъазабуна чIужугIаданалъе орден кьолаго Дагъистаналъул бетIерас.

## ТIолгороссиялъул Эколятазул Кьо

Щибаб соналда тIобитIулеб Эколятазул Кьо кIодо гъабиялъул хIурматалда ЧIарада районалъул тIадеги лъай борхизабиялъул централда тIобитIана «Посвящение в Эколята» абураб темаялда хурхараб тадбир.

Эколятазул Кьо – ккола ТIолгороссиялъул тIабигIат цIуниялъул социалиябгун лъай кьеялъул проектазул тадбираздаса цояб, жибги Россиялъул регионазда щибаб соналда 25 апрелалда тIобитIулеб.

Тадбир тIобитIулелъ бицана тIабигIаталъул хIакъалъулъ, гъелдехун гIадамазул бугеб бербалагъиялъул ва ракьалда ругел батIи-батIиял тIабигIиял сурсатал мухIканго ва ругеб куцалда цIунизе ккеялъул.

Лъималаз лъай-хъвай гъабуна тIабигIат бокьулел ва гъеб цIунулел Эколяталъул бахIарзазулгун (Умница, Шалун, Елочка, Тихоня) ва цIалана рехсараб темаялда хурхарал кучIдул.

КIвар бугеб лъугъа-бахъинлъун ккана рукIинесел «Эколятаз», тIабигIат цIунизе ва гъеб гIемер гъабизе бараб гъа.

Хадуб активистаз экологиялъулаб кьеразулъе росарал цIиял членазда рухьана эколятазул галстукал, тIоритIана спорталъулал къецалги.

Тадбир ана гIуцIараб къагIидаялда ва аваданго.




## АТКялъ хал гъабуна

ЧIарада районалъул АТКялъул тIадкъаял ва рихъизариял тIуразарулел ругеб куцалъухъ балагъизе, гъениб терроризмалде данде къеркьеялъул бугеб ахIвал-хIалги лъазабизе бихъизабураб заманалда рекъон Арчиб сельветалда тIобитIана хал гъаби.

Гъеб тIобитIизе ун рукIана районалъул администрациялъул терроризмалде ва экстремизмалде данде профилактикиял хIалтIаби гъарулеб отделалъул начальник, гъесул специалист ва Россиялъул ОМВДялъул ЧIарада районалда бугеб УУПалъул хIалтIухъан.



Хал гъабулаго баянлъана рехсараб поселениялда гъеб рахъалъ ахIвал-хIал гIодобе биччараб ва хадуб хъаравуллъи гъабулеб букIин. ХIисаб кьеялъул заманалда терроризмалда хурхарал такъсирал гъенир ккун гъечIо. Жанисел ишазул организациялдаса щварал баяназда рекъон халкъазда гъоркьосел терроризмалъул (МТО) гIуцIиялда гъоркьов къватIисел пачалихъазда гIахъаллъи гъабулеб буго гъеб росдал поселениялдаса цо чияс.

Терроризмалде данде гъабулеб тадбир Арчиб поселениялда тIобитIана хIалтIул 2020 соналъул планалда ва лъугъараб ахIвал-хIалалда рекъон, гъединго 2023 соналда ЧIарада районалъул АТКялъул хIукмаби ва рихъизариял гъезухъе щвезариялъул мурадалда.

Баянлъана хIалтIи гIуцIун букIин законалъул тIалабалги цIунун, бихъизабураб планалда рекъон, ЧIарада районалъул АТКялъул ва ДРялъул АТКялъул рихъизариялги кьучIое росун.

ТIоритIулел руго терроризмалде данде чIарал тадбирал росабазул захIматчагIазда ва хасго гIолохъанаб гIелалда гъоркьор. Гъарулел руго гIолохъанлъиялдехун ВатIан бокьиялъул, диниябгун бичIчIи кьеялъул темабазда ва цогидалги суалазда хурхарал хIалтIаби.

Гъединго хал гъабиялъул хIасилалги кьучIое росун практикиял тIадкъаялги кьуна гъелдаго гъоркьоб ЧIарада районалъул АТКялъул данделъабазул хIукмаби тIуразариялъул протокол щибаб кварталалда кьезабиялъулги.

## Медицинаялъул хъулухъалде цIикIкIун кIвар

«Дагъистаналда медицинаялъул хъулухъ – жиндир заманалда ва лъикIаб качествоялда гъабиялъе кьолеб буго дица тIоцебесеб иргаялда кIвар. Гъелъул хIакъалъулъ Халкъияб Собраниялде гъабураб дирго хитIабалдаги бицана. Гъединлъидал, власталъул органаз гъеб рахъалде кьолареб кIварги бихъун, дагъаб хъачIго абулеб буго», – ян лъазабуна Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовас.



Совещаниялда гъоркьор лъун рукIана дагъистаниязе чIорого пачалихъиял учреждениязда гъаризе кколел хъулухъазухъ ФОМСалдаса биччалеб гIарац кьолеб букIин клиниказда гъарурал хъулухъазухъ.

БичIчIулеб жо буго, пачалихъиял больницабазда ва поликлиниказда щолареб хъулухъалъухъ, ялъуни цIакъго цIикIкIараб технологиялъулаб медициналъулаб хъулухъалъухъ гъеб гIарац унеб батани. Щай бегъулареб гIадамал ине аскIорго ругел поликлиникабазде МРТ, КТялъул, ялъуни короновирусалъул тестирование гъабизе?

Руго жеги баянал ва мухIканал мисалал дун жавабиял гIадамазе гъал суалал кьезе тIамиялъе.

Гъездаса мухIканал баянал щолел гъечIолъиги хIисабалде босун, кьварун хал гъабизе буго гъеб киналъулго ва хIажатаб хIукмуги гъабизе буго.

Минздравалъ цIакъго мухIканго гIуцIизе ккола гъеб рахъалъ гъабулеб хIалтIи: битIун жиндирго бакIалда лъезе ккола кинабго, хал ккезе ккола хIажатаб оборудование босиялда хадуб, гIадада миллионалги хвезарун цо солбохъ, кинабалиго сараялъуб хIоролъ бегизе толеб техника босичIого теялда хадуб.

ТIадкъай кьун буго ведомствоялъул хIалтIул мухIканго хал гъабизе, гъелдаго цадахъ ТФОМСалъ биччалеб гIарац киб хIалтIизабулеб бугебали лъазабизеги.

## Бергъаразе сайгъатал

ДРялъул Поэзиялъул Театралда 25 апрелалда рохалилаб ахIвал-хIалалда тIобитIана ТIолгороссиялъул литературияб хал гъабиялъул конкурсалда «И в каждой книге мир неповторим» абураб тадбиралда бергъаразе сайгъатал кьей.




200 гIахъалчиясда гъоркьоса, конкурсалда рукIарал материалаздаса экспертазул кьиматазул хIасилалда рекъон рихъизаруна ТIолгороссиялъул этапалда бергъарал. Финалалде щвана 15 лъимер, бергъаразда гъоркьой йиго нилъер ракьцояй Зиннат АхIмадова, ЦIуриб школалъул 3 классалъул цIалдохъан, ЧIарада районалъул лъималазул библиотекаялда цIалулей.

РакIалде щвезабила, 1 февралалдаса байбихьана Расул ХIамзатовасул 100 сон тIубаялъул юбилеялда хурхараб ТIолгороссиялъул хал гъаби – конкурс. Гъеб гIуцIараб буго ГБУ «Н. Юсуповасул цIаралда бугеб Республикаялъул лъималазул библиотека».

Бергъарал гIахъалчагIазе кьуна дандрекъон кколел грамотаби, дипломал ва сертификатал.

Зиннатие нижеца гъарулеб буго щварал бергъенлъабазда гIей гъабун чIечIого, жеги тIадегIанал борхалъаби, битIккей ва гъабулеб щиналъулъ талихI.



*ЦӀулдаса ХӀажи ГӀумаровас хъвалеб буго...*

# КӀвахӀ лъаларев фермер



МугӀрузул районал церетӀезариялъул мурадалда Дагъистаналъул хӀукуматалъ исана биччалеб буго 90 миллионгӀанасеб гӀарац. Гьелдаса пайда босизе ракӀалда буго ЦӀулда росулъа кӀвахӀ гьечӀев гӀи-боцӀухъан АсхӀаб МухӀамадовасда. ХӀукуматалъ росдал магӀишат цебетӀезабиялъе гӀарац биччалеб бугилан абараб хабар гьесда рагӀун букӀана, букӀаниги цересел соназда гьелде кӀвар кьечӀо гьес. Исана гьесда ракӀалда буго гьелда хадув лъугьине.

АсхӀабил гьабсагӀаталда буго 40 бетӀер чӀегӀер боцӀул ва бачалгун гӀучӀрузулги 32 бетӀер, гьелде тӀадеги чуялги, наялги. Риидал магӀарде ун, хасало росулъе бачун гӀемераб захӀматги бихьун хьихьулеб буго гьес боцӀи. Хасалоялде тӀалаб гьабулеб буго хӀажалъулеб къадар кӀалцӀихералъулги. Гьесие магӀишат гьабиялъе квалквал гьабулеб жо буго боцӀи жаниб гьезе бокьал гӀоларого рукӀин. Гьеб мурадалъе гӀоло хӀажат буго гьесие хӀукуматалъул гӀарац.

Бегьилаан росулъ ругел гӀолохъабазги гьесдаса мисалги босун гӀи-боцӀи хьихьиялде кӀвар кьезе. Жакъа гӀадинаб рес магӀишат гьабиялъе метер щвечӀого букӀине бегьула. Бугеб ресалдаса жакъаго пайда босани, мекъи ккеларин ккола дида.

# Жигарав фермер

ЧӀарада район ккола аслияб къагӀидаялда росдал магӀишаталъул район. Ахирал соназда гӀемерго нахъе кканин абизе бегьула магӀишатиял хӀалтӀаби. Цере районалда рукӀана республикаялдаго цӀар рагӀизабурал колхозал, гьезул букӀана гӀемераб гӀи-боцӀиги рекьулел хурзалги. РукӀана жидедаса мисал босизе бегьулел гӀияхъабигун дояркабиги. Гьанжейин абуни риххизарун гӀаммал магӀишаталгун гьезул бакӀазда гӀуцӀана СПКял, амма хӀасилал нахъе ккун гурони церехун инчӀо. Мисалалъе босани цебе цо колхозалъул букӀарабгӀанасеб къадар гӀи-боцӀул тӀубараб къарал участкаялдаго гьечӀин абуни мекъи ккеларо. Гьелдаго цадахъ магӀишатазул рукӀана гӀемерал рекьулел ракьалги, гьениса бакӀарулаан гӀунги тӀокӀаб хӀалухъинги. Ахирал соназда рекьулел ракьал тӀуранго лъугӀана. Гьединал хиса-басиязги батила цо къадаралда росабалъа гӀолохъанлъи шагьаразде гочине ккарал.

Кин батаниги камун гьечӀо росдал магӀишаталде кӀвар кьолел, гьелдаса пайда босулел чагӀиги. Гьединаздаса цояв вуго ЦӀулда росулъа жигарав фермер МухӀамад Мухтаров. Гьесул гьитӀинаб мехалдаса нахъего гьира букӀана гӀи-боцӀи гӀезабиялде. Ахирал соназдайин абуни гьес гьелде буссинабуна кинабго пикру, фермерасда бичӀчӀана гьелдаса бугеб хайир ва тӀадчӀун байбихьана гьел гӀезаризе. ГьабсагӀаталда МухӀамадил буго 48-ялдаса цӀикӀкӀун чӀегӀербоцӀи, гьелдаго цадахъ хьихьулел руго 50-ялдаса тӀаде арал якалги.

Байбихьуда хӀалбихьизе гьес Кабардино-Балкариялдаса росана цо чанго бетӀер якаэул. Гьел ратана цӀакъ къо хӀехьолел жал. Гьелдаса хадуб байбихьана якал гӀезариялде хасаб кӀвар кьезе. Нилъер районалъул мугӀрулги руго гьезие данде кколел, гьез 40 градусалде щвезегӀан цӀоройги хӀехьолеб бугоян бицунеб буго фермерас. ТӀубараб лъагӀелалъго гьел рукӀунел руго мугӀрузда бетӀербахъи гьабулел. Гьезие цӀам кьезе МухӀамад моцӀалда жаниб цо нухалда уна магӀарде. Гьанги гьелъул буго чанил гӀадаб тӀагӀам бугеб ва холестеринги дагьаб.

Цойги гьезул тӀокӀлъи буго бацӀаздаса ва чакъалабаздаса хӀинкъулел гьечӀо. Гьединлъидал гьел хасалоги магӀардаго тезе регьулел руго. Кьурул парсаздасаги якал бигьаго уна. Гьезул бох къанагӀатги тарулеб гьечӀин бицуна фермерас.

Гьединго МухӀамадица хьихьулеб буго 20 чуги. МагӀишат гьабизе бокьаразе гьес Кабардиназул мугӀрузда вугев фермерасухъа якал, чуял росизе кумеки гьабулеб буго. Нагагьлъун магӀишат гьабизе гьира бугев чи ватани МухӀамадидехун кӀалъазе бегьула. ЛъикӀаб байбихьи гьабулезе кумек гьабизе гьев кидаго хӀадурав вуго.

Кьейги гьесие сахлъи хадубккунги магӀишат цебе бачиналъе.

# Тохтурзабазул рейдал

Гьал къоязда ЦРБялъул ва Гьачада участкаялъулаб больницаялъул тохтурзабаз тӀоритӀана Къарахъ участкаялъул росабалъе цадахъал рейдал. Гьезул аслияб мурад букӀана школазул, ясли-ахазул лъималазул ва росабазул захӀматчагӀазул сахлъиялъул хал гьаби.

Рейдазда гӀахьаллъана терапевт МухӀамадов Давуд, акушер-гинеколог Багьавудинова Паркъис, педиатр Абакарова Жамилат, хирург Аталов ГӀабдулнасир, цаби-гӀусазул тохтур Танкаев ТӀагьир, лаборантка НурмухӀамадова ПатӀимат, невропотолог ГӀисаева ПатӀимат, акушерка МухӀамадова ГӀайшат. Гьел щвана ЦӀулда росулъеги. Хал гьабуна киналго цӀалдохъабазул, ясли-ахазул гьитӀичазул ва росдал гӀадамазул. Ратарал гӀузраби бакӀаздаго лъугӀизаруна, гьаруна захӀматчагӀазе гӀемерал пайдаял малъа-хъваялги.

Гьезул цадахъаб рейдалдаса росуцоял разиго хутӀана ва баркала кьуна жидер гьабулеб бугеб тӀалабагъазалъухъ.

# МагӀарул мацӀ кӀочонге

Россиялъул ва Дагъистаналъул конституциялда ихтияр кьун буго школазда рахьдал мацӀ малъиялъе. Амма гьеб нилъецаго тасамахӀго толеб буго. Гьелде кьолеб кӀвар къойидаса къойиде чучлъулеб буго. Шагьаразда щиб гурин росабалъги улбул лъималаздехун гӀурус мацӀалда кӀалъалел руго. Гьедин гурони магӀарул мацӀалдехун кӀвар кьолеб гьечӀони тӀубанго мацӀ кӀочон теялда хӀинкъи буго. Гьелъие щибха хӀажат бугеб? ТӀоцебесеб иргаялда къваригӀун руго школазда магӀарул мацӀалъул дарсазе кьолел сагӀтал цӀикӀкӀинаризе, рокъорги ясли-ахаздаги магӀарул мацӀалда кӀалъазе. ТӀоритӀизе КВНал, викторинаби, предметазул анкьал, магӀарул хъвадарухъабазул, поэтазул асараздаса сардал.

КӀвар кьезе ккараб суал буго шагьаразда цӀалулел лъимал каникулазул заманалда магӀарухъе рачиналъул рахьалде ва амма гьенире щваралго гьездехун гӀурус мацӀалда гурел магӀарул мацӀалда кӀалъазе, кколел руго цо-цо хӀужжаби гьезда магӀарул мацӀ малъулеб бугиланги рукӀун жидедаго гӀурус мацӀ лъаялъулги. Гьедин ккечӀого букӀиналъе кинабго бегьулеб жигар бахъизе ккун буго. ТӀадчӀарал тадбирал гьаричӀони тӀубанго мацӀ кӀочон тезеги бегьула. ГьабичӀони кинанха гьесда магӀарулавин абилеб ва щиб миллаталъул чиян вихьизавилев. Миллат лъугӀун инчӀого букӀиналде кутакалда кӀвар кьезе ва пикру буссинабизе ккараб хӀал буго.

# МугӀрул кӀочене тоге

МугӀрузул росабалъа дагь-дагь ккун шагьаразде гочунел гӀадамал ахирал соназда гӀемерлъулел руго, чӀороголъулел руго умумуз гӀемераб захӀматги бихьун, гьетӀги тӀун рарал минаби. Аслияб гӀилла гьел гочиналъе кколеб буго бигьаяб хӀалтӀи балагьи. ГьечӀо магӀарухъ чӀун гьабизе хӀалтӀиги. Цере рукӀана колхозал, рукӀана дояркабигун гӀухьбиги. Бекьулеб букӀана ракьги. Гьанже гьеб кинабго гьечӀо. Лъил кинаб политика бугебали лъаларо ургъунго гьабулеб жо гӀадин чӀороголъизарулел руго магӀарухъ росаби. Абулеб буго гьениб гӀи-боцӀи хьихьизе бегьулин КФХял, ЛПХял рагьизе бегьулин, гьелъие хӀукуматалъ кумекги гьабулеб бугин, ижараялъе ракьалги кьолел ругин. Гьеб битӀараб буго. Нижер ЦӀулда росулъ гьедин гьабулеб цо чанго хьизан буго. Гьезул лъикӀаб магӀишатги буго. Цойги 4-5 цӀаракиялъ гьезго гӀадин гӀемераб боцӀи хьихьизе байбихьани, гьезие риидал ва хасало кваназе мучӀдул, хер бецулел бакӀал киса щвелел.

Гьеб гуребги магӀарухъ цониги гьечӀо гӀолохъанал хьизанал хӀалтӀиялъе промышленниял бакӀал. Гьеб



рахъалде кӀвар буссинабичӀони, районги букӀинадай нилъер абураб пикру бачӀунеб буго. ХӀажат буго районалъул нухмалъулезги росабазул жамагӀатазги гьелде кӀвар буссинабизе.

ЦохӀо ЦӀулда росдал буго гӀаммаб къагӀидаялда босани 500 гӀанасеб цӀараки, амма росулъ гьечӀо 55 гурони. МахӀачхъалаялда – 200, Гъизляралда – 75, Алмалоялда – 45, Карачаево-Черкесиялда – 30, Шамхалалда – 10, Буйнакскиялда – 5, Кочубеялда – 5, ЦӀуриб – 5 ва цогидалги бакӀазда цо-цо кӀи-кӀи. Гьединабго ахӀвал-хӀал батила цогидал росабазулги. Гьедин къойидаса къойиде лъугӀун инчӀого рукӀиналъе хӀажат буго хехаб тадбир гьабизе.

# ЦӀулда росулъ оцбай

ГӀемерал пайдаял гӀадатал руго умумуз нилъее ирсалъе тарал, гьединаздаса цояб буго ихдалил хӀалтӀабазде байбихьи лъазабулеб оцбаялъул байрамги. Дагъал къояз цебе гьеб байрам тӀобитӀана ЦӀулда росулъ. Гьелда гӀахьаллъизе рачӀун рукӀана мадугьалихъ росабалъа гӀолилал, гьединго ЦӀулда росулъа МахӀачхъалаялда, Алмалоялда, Гъизляралда, Ленинкенталда ва цогидалги бакӀазда гӀумру гьабулелги.

Гьеб къоялъул хӀурматалда росулъ тӀоритӀана спорталъул къецал. Байбихьана гьаб соналда васал, ясал гьарурал улбул рекериялдаса, хадур рекеризе тӀамана садикалъул гьитӀичал, школалъул цӀалдохъаби, тӀобитӀана 5 командаялдаса гӀуцӀараб эстафета, букӀана канат цӀай, гира борхи ва рехи. Хадур рекеризе риччана хӀамул, чуял. Къецазулъ бергьаразе кьуна горал, гӀарцулал сайгъатал, гьединго медалалги.

Байрамалда кӀалъазе рахъараз тӀадчӀей гьабуна оцбаялъул байрам тӀобитӀулеб бугин, амма хурзал рекьулел гьечӀолъиялда. Оцбаялъул магӀна ихдалил ах-хуралъул хӀалтӀабазде байбихьи лъазабилъун букӀараблъидал. ХӀажат бугин магӀарухъ гьел тӀоритӀиялде тӀадруссине. Гьелдаго цадахъ кӀалъараз гьарана исанисеб сон сундулго рахъалъ баракат бугеб, рагӀи-хер гьарзаяб, цӀадбакъ рекъараб ва аслияб жо – Украиналда рагъ-кьал лъугӀараб батагиян.

Исана оцбай тӀобитӀизе тӀаде босун букӀана росдал гӀолохъабаз. Гьеб гӀуцӀараб къагӀидаялда ва аваданго ана.

# Рагъда хваразул аманат

ГIенеккея, гIадамал, дагъабго каламалъухъ,
Кор бокьараб доб рагъда рагъаразул рахъалъан.
ЧIчIая beралги къанщун, цодагьалъго гIенеккун,
ЧIварал ниж ракьцоязул, хIурматалъе гIоло нуж.

Маялъул ичIабилеб къо байрамлъун ккеялъе,
КигIан захIмат букIараб, ракIалде щвезабизе.
Щибаб рокъоб бачIараб балагь ракIалдеги щун,
Рагъда биял тIуразухъ тIамея цодагьалъ гIин.

ГIемер сонал аниги, сапар нижер лъугIичIин,
Лъай нуж нижехъ гурони, ниж нужехъ щолареблъи.
Нужей гIоло рухIги кьун кьижун ругел ракьулъ ниж,
Жакъа щинасул рекIелъ цIунизе жигар бахъе.

Улка цIунун хваразе хвел букIунарин буго,
Хадусел гIелазе гьел мисалалъе ккей гурел.
Киданиги нужеда рагъул кьогIлъи лъагеги,
Лъиданиги нижеда бихьараб бихьугеги.

Ниж ракъана, къечана, ниж квачана, риччана,
Къохьол гьабурабщинаб кваналеб хIалалъ ккана.
ХIамул, чуял квanана, кутул, гьаби квanана,
Кесек чадил щвечIого чанги къоял тIамуна.

ТIад бугеб ретIелалъул тIутIучIеб бакI хутIичIо,
Рихъ-рихъарал хьитазулъ бохдузе кеп букIинчIо.
Щекъер кIал бакъвалаго гьекъезе лъим букIинчIо,
Щвараб ругънада лъезе, дару щолеб букIинчIо.

Бекараб лагаялда жемизе чIорто щвечIо,
Жаназаялда базе мусрудуе ххам щвечIо.
Кьижизе сордо щвечIо, регизе бусен щвечIо.
Бид босараб жаназа чуризе раса щвечIо,

Росабалъ хобал щвечIо, холаго ясин щвечIо,
Хведал къуръан цIалулел чагIи аскIор рукIинчIо.
Васал-ясал абичIо, бусур-капур гьикъичIо,
ТIад батараб ратIлилъго лъолаан цохIо хабалъ.

Ункъояв цадахъ лъуна, ункънусго цадахъ лъуна,
Ункъазарго лъуралги хобал гIемер рукIана.
РухI бахъун лъугIичIелги, лъавудаса аралги,
Ккана хваразда цадахъ хабалъ рукъун таралги.

Къого миллион чияс рухI кьуна ВатIаналъе,
Эркенлъиялъе гIоло къеркьолаго гьеб рагъда.
Кисайилан гьикъичIо, щиб миллатан цIехечIо,
Цолъана цадахъ рекъон цо кверзул килщал гIадин.

Кинабго Европаго асир гьабурав тушман,
ТIамуна жидерго ракь бикь-бикьизе ункъиде.
Асирлъуде ккаралги киналго эркен гьарун,
Аллагьасул хIал кIвеялъ кIвана Улка цIунизе.

Эмен камурал ккана, вацал камурал ккана,
Васал камурал ккана, росал камурал ккана,
Улбул камурал ккана, яцал камурал ккана,
Ясал камурал ккана, лъудби камурал ккана.

Ккана рилун тIагIарал, тIутIун лугби камурал.
Кинабго хьизанги хун, хутIаралги рукIана.
Лугбал камун рокъоре руссарал гIемер ккана,
Ккана гIантлъун рокъоре нух лъачIого хутIарал.

ВатIаналъе хисичIо, хияналъи биччачIо,
Багьанабиги рачун, бокьун ниж асирлъичIо.
Кодоб ярагъ лъугIидал, зараз, цабзаз рагъана,
Ццидалав тушманасе теларин улкайилан.

Нижеца биял тIуна, нижеца рухIал кьуна,
Рагъда къуркьи лъидаго лъазе нижеца течIо.
ЛъабокIоналъул кагъат, бачIинчIеб рукъ хутIичIо.
Хванин, чIванин, риланин, руссинарин рокъорин.

Гьале ниж къаникь руго къватIир щвезе рес гьечIо,
Къого миллионалъул аманат нужей буго:
Гьеб хIалалда цIунараб пачалихъ хвезе тоге,
Хваразул хIурмат гьабун, гьуинго цоцалъ рукIа.

Гьеб нижее бан бугеб памятник бацIцIад цIуне,
Гьезда рикIкIарал цIарал цIале кIочон течIого.
Тушманлъи рикIкIад гьабе, гьудуллъи щулат гьабе,
Цолъи гIадинаб къуват гьечIо щибго ракьалда.

Ракьулъе ине рукIин рекIедаса биччаге,
Бичас къурал гьал къоял къадруялда инаре.
КIочонгеги нужеда нужги хвезе ругеблъи,
Хвалида киданиги тезе гьечIо гьеб кIочон.

*Нурулгьуда-хIажи*

# Сурат цIи гьабуна

Къокъабго заманалъул отпускалде рачIарал ЧIарада районалъул СВОялда гIахьаллъулел рагъухъабаз цIи гьабуна жидерго, райцентралде жанире лъугьунеб бакIалда бараб банералда бахъараб сурат.

Гьев ункъавго яхI бугев бихьинчи, цо бутIаялъулаб мобилизация ВатIаналъ лъазабурабго тIоцебе гьелъие жавабги лъазабун рагъда хьулухъ гьабизе ана. Гьединлъидал гьезул сурат тIад бугеб




баннер бан буго бищунго бихьулеб бакIалда. Гьебги букIана 2022 соналъул сентябрь моцI.

ЧIарада районалъул захIматчагIи чIухIарал руго гьединал бахIарчиял ракьцояздаса, сундухъго балагьичIого, киналгIаги захIмалъабиги къезарун Россиялъул рагъулал къуватазда хьулухъ гьабулел ругел ва улкаялда цебе бугеб жидерго налъи, пачалихъалъул интересалги цIунун, СВОялда Украиналъул ракьалда тIубазабулел гIолохъабаздаса.

Мурад буго гьел щибниги зарал ккечIого Бергьенлъиги босун тIадруссин. Нуж рокьулел, хIурмат гьабулел рокъосел ва районцоял балагьун чIун руго нуж тIадруссиналъухъ.

# Вниманию перевозчиков!

С 14 апреля 2023 года вступил в силу Федеральный закон от 03 апреля 2023 г. № 103-ФЗ «О внесении изменений в статьи 12.21.1 и 23.1 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях».

**Новая таблица штрафов для крупногабаритных транспортных средств**

| Превышение габаритов | Наказание, если нет разрешения | Наказание, если есть разрешение |
|---|---|---|
| не более 10 см | **Водители:** 1 000 - 1 500 рублей<br>**Должностные лица**: 10 000 - 15 000 рублей<br>**Юридические лица:** 100 000 - 150 000 рублей | **Водители:** 1 000 - 1 500 рублей<br>**Должностные лица**: 10 000 - 15 000 рублей<br>**Юридические лица:** 100 000 - 150 000 рублей |
| от 10 до 20 см | **Собственник (владелец) транспортного средства**: 250 000 рублей | **Собственник (владелец) транспортного средства**: 200 000 рублей |
| от 20 до 50 см | **Собственник (владелец) транспортного средства**: 350 000 рублей | **Собственник (владелец) транспортного средства**: 300 000 рублей |
| более 50 см | **Собственник (владелец) транспортного средства**: 400 000 рублей | **Собственник (владелец) транспортного средства**: 400 000 рублей |

**Новая таблица штрафов для тяжеловесных транспортных средств**

| Превышение массы или нагрузки на ось | Наказание, если нет разрешения | Наказание, если есть разрешение |
|---|---|---|
| от 10 до 20 % | **Собственник (владелец) транспортного средства**: 250 000 рублей | **Собственник (владелец) транспортного средства**: 200 000 рублей |
| от 20 до 50 % | **Собственник (владелец) транспортного средства**: 350 000 рублей | **Собственник (владелец) транспортного средства**: 300 000 рублей |
| более 50 % | **Собственник (владелец) транспортного средства**: 400 000 рублей | **Собственник (владелец) транспортного средства**: 400 000 рублей |

*Территориальный отдел государственного автодорожного надзора по Республике Дагестан МТУ Ространснадзора по СКФО*

# Аппараталъулаб совещание

ЧIарада районалъул администрациялда тIобитIана иргадулаб аппараталъул совещание. Гьениб гIахьаллъи гьабуна киналго отделазул нухмалъулез.

Совещаниялъул гIахьалчагIазда цеве цере чIарал масъалабазулги бицун кIалъазе вахъана ЧIарада райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIумаров.

Хадуб совещаниялда хIисаб кьуна щивав руководителас араб анкьалъ гьабураб хIалтIул.

Росдал магIишаталъул ва экономикияб отделалъул нухмалъулев ХIажимухIамад Къадиевас лъазабуна районалъул магIишатазда гIи къинлъиялъул кампания рагIалде бахъиялъул ва гьабсагIат тIад бан унеб бугин гIи къунцIиялъул хIалтIаби. Исана районалъул магIишатазда кIвана 85-90 процент кьегIертIинчI цIунизе, гьединго байбихьун буго ЧIарада МХПялда ихдалил рекьабазул хIалтIабазде.

Хадуб отделалъул нухмалъулес рехсана миллияв проектазда хурхун исана районалда гьаризе ругел хIалтIабазулги.

Районалъул лъай кьеялъул ва культураялъул нухмалъулев Шамил МустIапаевас рехсана Арчиб ва Кьорош школазда тIоритIарал хал гьаризул ва гьелда рекьон ккарал хIасилазул.

Гьелде тIадеги бицана лъай кьеялъул гIуцIабазул нухмалъулел гIахьал гьаруураб совещание иналъул. Гьоркьоб лъураб суал букIана районалъул лъай кьеялъул гIуцIиялда гьабулеб бугеб хIалтIул.

ТIОЛГОРЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛАБ СУББОТНИКАЛДА ГIАХЬАЛЛЪИ

## Районалда захIматчагIазул субботник

ЧIарада район цолъана тIолгореспубликаялъул субботникалде.

Гьеб экологияб кIваралъул тадбиралда гIахьаллъи гьабуна бакIалъулаб администрациялъул хIалтIухъабазгун учреждениязулгун организациязул коллективазги. Гьездаго цадахъ субботникалда гIахьаллъи гьабуна росабазул захIматчагIазгун школазул цIалдохъабазги.



Киналго гIаммал бакIал, аслиял къватIал рацIцIад гьаруна рищни-къулалдаса. Гьелдаго цадахъ гIадлу гьабуна администрациялъул минаби ва учреждениязда сверухъ бакIал рацIцIадго чIезариялъеги.



Субботникалъул гIахьалчагIаз ракъварал гъутIбиги къотIун, гьелги нахъе ран, рацIцIад гьаруна шагьранухал ва гIурул рагIаллъаби. Санитарияб рацIцIалъи гьабиялда цадахъго парказул, скверазул ва обелискалда сверун ругел заборал къачIана лажбарги бахун. Бергьенлъиялъул байрам – 9 май щвелалде рацIцIад гьаруна ва лажбар бахун къачIана КIудияб ВатIанияб рагъда хварал ракIалде щвеялъе рарал памятникалги.



Росабалъ гIумру гьабулез гьаруна гIемерал батIиял хIалтIаби: къачIана хобазда сверун бакIал, рана риххарал къедал, гьединго лъим бачарал бакIаздаги гьаруна ремонталъулал хIалтIаби. Хасал гIадамаз рацIцIалъи гьабуна жидерго азбар-къоноязда, рукъзабазда сверухъ бакIазда. Росабалъ гIадаталда рекъон КIалбиччаялъул байрам тIаде щвелалде гьаруна субботникал, цереккунго росабалъеги рачIун росдал гIолохъабаз гьаруна гIемерал пайдаял хIалтIаби. Гьелдаго цадахъ кIвар кьечIого течIо тIолгореспубликаялъулаб субботникалде бараб ахIуеги. Рохалида къабул гьабуна районалъул захIматчагIаз гьебги, бичIчIулеб жо буго рацIцIалъи гьабиялде щибаб къоялда кIвар кьезе кколебльи. ХIалтIи камураб ва рищни-къул тIагIараб заман букIунарелъул, рацIцIалъиялде кидаго цIикIкIараб кIвар кьезе ккола щивав чияс.

## СВОялъул гIахьалчагIи субботникалда

ЧIарада районалъул Кьорош росдал захIматчагIазги гIахьаллъи гьабуна тIолгореспубликаялъул субботникалда. Байбихьана рацIцIад гьаризе жидерго азбаркъоноял, росдал аслиял къватIал, майдан, клубалда сверухъ бакI ва росдада сверун бугеб авлахъ.



РацIа-ракиялъул хIалтIи лъугIун хадуб бихьинал ана хехал цIадаз хобазда сверухъ хвезарурал къедал къачIазе. Цинги гвендал ккарал бакIазда ракьги бан ритIарицизаруна нухалги.

Росуцоязда цадахъго субботникалда гIахьаллъи гьабуна Украинаялъул ракьалда СВОялда гIахьаллъулел, кьокъаб отпускалде росулъе щварал Руслан Апандиевас ва МухIамад МухIамадовас.

## Шалиб субботник

ЧIарада районалъул дагьаб рикIкIадегIан ругел росабазул цояб кколеб лаказул Шалиб росулъ тIоритIана тIолгореспубликаялъул субботникалъул рахъги ккун рацIцIалъи гьабиялъул хIалтIаби. Цебеккунго хIадурараб гьаризе ругел хIалтIабазул списокалда рекъон, къваригIараб алат-къоногун субботникалъул гIахьалчагIаз байбихьана росдал къватIал рацIцIад гьариялдаса. Рищни-къулалдаса рацIцIад гьаруна гIорул рагIаллъаби ва рагъда камурал ракIалде щвеялъе бараб памятникалде щвезегIан нухалги.



Гьелдаго цадахъ росдал администрациялъул хIалтIухъабаз нахъе ракIарана хасало цIорораб заманалда лъим гьечIого росдал гIадамал хутIичIого рукIиналъе гIоло хасало гIурухъе лъун рукIарал рогIрал. Гьедин гIуцIараб къагIидаялда ана субботник.

## Магъар субботник



ЧIарада районалъул Магъар поселениялъул нухмалъулезги рахъ ккуна тIолгореспубликаялъул субботник тIобитIиялъул.

Гьеб къоялда росдал жамагIаталъ бетIерлъуда Булат Химеловгун цадахъ лъугьун рацIцIад гьаруна рищни-къулалдаса росдал аслиял къватIал, майдаби, КIудияб ВатIанияб рагъда хваразе бараб памятникалда сверун бакIал.

Школалъул учительзабаз ва цIалдохъабаз бацIцIад гьабуна школалда цебе бугеб майдан ва чIана гъутIби.

## Кьорош оцбай

Оцбаялъул байрам цебегоялдаса нахъего магIарухъ рикIкIунаан ихдалил хIалтIабазде, хурзал рекъиялде байбихьи лъазабулеб гIемерал гIадамаз гIахьаллъи гьабулеблъун. Гьелде цебеккунго, тIадчIун гьабулаан хIадурлъи. Гьеб рохалилаб гIадат магIарулаз гьанжеги цIунун буго, амма хурзал рекъийин абуни – гьечIо.

Кьорош росулъ исана гьеб тIоцебесеб рахъ баялъул байрамалда гIахьаллъи гьабуна цохIого бакIалъулал гIадамаз гуребги ЧIарада районалъул цогидал росабалъа вакилзабазги, гьединго район бахъун къватIирехун гIумру гьабулел росуцоязги.



Исана оцбаялъул байрам ккана кIалбиччаялъул къоялдаса хадусеб къоялда. Гьельги батила байрам гIемерал гIадамазул гIахьаллъигун тIобитIараб.

ГьалбадерИда гьоркьор рукIана районалъул имамзабазул советалъул председатель ШагIбан ХIапизов, боксалъул рахъалъ Россиялъул чемпион ШагьгIабас МахIмудов, грепплингалъул рахъалъ дунялалъул чемпион МахIач МухIамадов, спортсменал вацал АдухIовал, Жамал Салманов, районалъул гIолохъанлъиялъул ишазул рахъалъ бетIерав специалист МухIамад Сиражудинов.

Оцбаялъул байрамалъе хIадурлъи гьабуна ва тIобитIана НасухI МухIамадгIалиевасул хъизамалъ. Хуриб тIоцебесеб рахъ бан хадуса, байрам рагIалде бахъинабуна батIи-батIиял спорталъулал хIаяздалъун: рекери, кIанцIи, канат цIай, турникалда батIибатIиял гъунарал гьари, ахиралда букIана футболалъул турнирги.

Байрамалъул ахиралда тIобитIана цадахъаб кванагьекъейги.

Данделъараз хIукму гьабуна гьаб байрам хадубккунги щибаб соналда тIобитIизе.

# СВОялъул гIахьалчияс ригьин гьабуна

Районалъул администрациялъул минаялъуб тIобитIана СВОялъул гIахьалчиясе рохалилаб ахIвал-хIалалда ригьин гьабиялъул хIакъалъулъ свидетельство кьеялъул тадбир.

СалихI Исрапиловас, къокъабго отпускаялде хасаб рагъулаб операция тIобитIулеб ракьалдаса вачIарав, ва Диана Ибрагьимовалъ, гьанже Исрапиловалъун лъугьарай, тасдикъ гьабуна жидерго ригьин.

ЗАГСалъул отделалъул бетIерай специалист ГIайшат Халиловалъ гIолохъанаб хъизамалда баркана ригьин гьабиялъул хIакъалъулъ хъвай-хъвагIай гьаби ва кьуна гьезие ракIалде щвеялъе сайгъат.

«ХIурматиял гьалбазул гIахьаллъигун ва нугIзалгун нужер хъизамалъул хъвай-хъвагIай гьабуна ЧIарада районалъул гражданазул актазул тIехьалда. РакI-ракIалъго баркула нужеда гьеб ракIалдаса унареб лъугьа-бахьин. Бокьун буго нужее гьаризе, нужеца гIумру гьабизе ккайги ракълида ва цоцадаса разиго, нилъер хъвадарухъабаз жидерго произведениязда хъвараб куцалда, лъикIал ва берцинал хъизамазул гIадаталги цIунун.

Гьарула нужее халатаб гIумру цоцазул хIурматги гьабун херлъизегIан цадахъ тIамизе. Украинаялъул ракьалда бугеб СВОялъул гIахьалчи хIисабалда СалихIие бокьун буго хас гьабун гьаризе щулияб сахлъи ва хехго Бергьенлъиги босун нахъвуссагиян. Рецц ва хIурмат гьединал гIолохъабазе», - ян баян гьабуна Халиловалъ.



Тадбиралда гIахьаллъарав районалъул бетIерасул заместитель ХIусен ГIарабиевас гIолохъанал рос-лъадиялдаги баркун, гьарана гьезие талихIаб ва халатаб гIумруялъул нух.

«Жакъа гьаб нужее цIакъ кIвар цIикIкIараб къоялда бокьун буго гьаризе гIумруялъго цадахъ хутIагиян, тIурайги нужер ракIазулъ ругел мурадал. ЦIуне нужерго хъизамалъул цIа ва хутIаги нуж кидаго цадахъ къварилъиялда ва рохалида», - янги абун бетIерасул заместителас цIи гIуцIараб хъизамалъухъе кьуна гьезул хъвай-хъвагIай гьабураб аслияб документ «Ригьин гьабиялъул хIакъалъулъ свидетельство».

Хадуб гIадаталда рекъон, Мендельсонил маршалда гьоркь гIолохъанал рос лъадиялъ цоцазул килщазда хуна баргъичал, байрамалда гIахьаллъарал гьалбазги баркана гьезда гьеб кIвар цIикIкIараб рохалилаб къо.

Баян гьабила, бахIарав СалихI Исрапиловас хасаб операция лъазабураб тIоцебесеб къоялдаса нахъего гIахьаллъи гьабулеб буго рагъул цебесеб кьерда.

Отпуск лъугIун хадув гьев нахъойги ине вуго жиндирго хъулухъалъулаб налъи тIубазабизе. Гьанжеялдаса хадуй гьесул хъизангун Диана балагьун чIезе руго СалихI Бергьенлъигун нахъвуссиналъухъ.

Гьарула СалихIие ва цадахъ ругезе тIубараб къагIидаялда Бергьенлъиги босун сах-саламатго рокъоре тIадруссагиян.

# Творческиял хIалтIабазул выставка

МахIачхъалаялда ДГПИялъул спорталъул кIалгIаялда тIобитIана Республикаялъулаб технологиялъул творческиял хIалтIабазул выставка-конкурс.



Гьениб гIахьаллъи гьабизе рихьизарун рукIана ЧIарада районалдаса лъималазул тIадеги лъай кьолеб централда тарбия щварал цIалдохъабазул творческиял хIалтIаби.

Гьеб выставка-конкурс тIобитIулеб букIана ДГПУялъ 80 сон тIубаялъул, мугIалимасул ва тарбиячиясул сон букIиналъулги хIурматалда.

Выставка-конкурс гIуцIаразул рагIабазда рекъон гьелъул мурад букIана ДРялъул педагогазул гIуцIиялъул гьеб рахъалде пикру буссинаби, гьединго лъай кьеялъул управлениязул, школазул директоразул «технология» цебетIезабиялъулъ ругел гIоларел рахъазде кIвар кьей букIинаби ва цIалдохъабазул «технологиялъул» дарсазде гъира борхизаби.

Гьенир рихьизарурал материалазул ва хIалтIабазул экспертиза гьабун хадуб, жюриялъ тIадегIанаб къимат кьуна ва хIалтIаби лъикIаллъун рикIкIана нилъер конкурсантазул.




## *Авар кицаби ва абиял*

- Риидал Хасбика, хасало къватIул бика.
- Риидалиде гьакал хасало къачIай, хасалоялде чанагъ риидал къачIай.
- Риидалил цого хур, хасало гIазулъ къараб.
- Рии-риидал чIанчIорол! Хаса-хасало гуд-гудучI!
- Рикъунибе къали баге.
- РикIкIада бугеб меседалдаса гIагарда бугеб гIарац лъикIаб.
- РикIкIадаса кквараб къалиялдаса гIагардаса кквараб сахI лъикIаб.
- РикIкIадегIан вугев гIагарав чиясдаса гIагардегIан вугев мадугьал лъикIав.
- РитIухълъи рекIараб хвалчадаса рекIараб.
- Рихханжоялъул жо гIолареб, гургил чед гIолареб.
- Рододаса нах бухххуге.
- Родолъа бахъараб гел, нахулъ лъейгун къватIарабила.
- Рокъоб кьир-квар бугони, дуниял къварилъула.
- Рокъоб кьечIеб талихI рохьоб кьелиш.
- Рокъобе рукъгIанаб гьецIо босулеб.
- Рокъов квешас рохьоб квешаб бачIуна.
- Рокъоса квеш арав къватIивги квеш хутIула.
- Рокьи ккани, кочIохъан яхъуна, чехь бухIани, магIихъан яхъуна.
- Рокьи ккечIей гIаданалда росода нахъа чIун квен гьабизе лъалареб.
- Рокьи кьерилъ букIуна.
- Рокъое баге, гьанае бай.
- Ролъул чадал рукIаго, мучариги квинаро: Бугъби цере рукIаго, бусбиги квегъиларо.
- Роол къо хасалил анкьида бацIалъулеб. Росдал газа кьурда рекIунеб.
- Роол рукъ – буртина, рукъалъул хIуби – чIужу.
- Рос-лъади цолъичIони, рукъ беххе балагьула.
- Росасе ине гIурай яц йигев вацасда къаси макъу щолареб.
- Росасе ани, рос ватула, чIужу ячани, чIужу ятула.
- Росдае гIоло бицараб рагIи – росдае гIоло гьабураб хъулухъ.

**ЧIАРАДА**
**БетIерай редактор** Земфира МухIамадова
**Жавабияв секретарь** Къасум Чахиев
**ГьитIинай редактор** Манарша Расулова
**Корреспондент** Шахзанат Шамсудинова
**Набор** - Ирайсат МухIамадгIалиева
**Редактор-стилист** Аминат ГIабдурахIманова

**Газета гIуцIарал:**
**«ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация**
**Учредитель:**
**Администрация муниципального образования «Чародинский район»**

**Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.**
**Заказ №____**

**Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ. Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 5**
**Тираж 1000**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз**

**Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный № ПИ 10 - 4666**

**ИНДЕКС: 513 79. Багьа 16 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.**

*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес*